

Pranatan grija pasrawoengan "PANTI MARI ONENG"
gadahanipoen pakempalan Habi Darma Warga kate-
tepaten dening parepatan ageng ing soerja kaping
25 December 1932 kabekta saking bab 3 adeg-adeg
a lan b ing pranatan ageng Habi Darma Warga.

Bab 1 NOMO

Pakempalan Habi Darma Warga ngawontenaken grija pasrawoengan dipoen
namani "PANTI MARI ONENG".

Bab 2 TOEDJOE

Toedjoening "Panti Mari Oneng" wahoe hangangkan maketing besrawoen-
gan lan sepeketing saderekan.

Bab 3 WARGA LIMRAH

Kadjadi warganing Pakempalan H.D.W. ingkang kenging dados warganing
"Panti Mari Oneng" wahoe :

- a. Sentana-dalem ing Kadipaten Pakoe Alaman,
- b. Abdidalem ing Pakoe-Alaman golongan Pangreh Pradja toewin golongan lebet,
- c. Tijang sanes-sanesipoen ingkang dedoeng ing salebeting wewengkon kita
Ngajogijakarta.

Bab 4 WARGA NDJAWI

Inkang kawastanan warga ndjawi poenika warga ingkang dedoeng ing
sadjawining wewengkon kita Ngajogijakarta.

Bab 5 WARGA DARMA

Inkang kawastanan warga darma poenika para warga ingkang mboten
koewadjiban toemoet ngrembag hadeging Panti Mari Oneng nanging ingkang
paring Contributie sakedik-kedikipoen f 1.- (saroepejah) sawolanipoen
oetawi paring dono sakedik-kedikipoen f 50.- (seket roepjah) sapisan
kroplok.

Bab 6 WARGA MOELJO

Kadjadi para loehoer ingkang mitoeroet tetimbanganipoen Pangreh
Habi Darma Warga toewin Panti Mari Oneng pantes kadadosaken Warga Moeljo
warga sanes-sanesipoen ingkang sampoen katah lelabetipoen dateng Panti
Mari Oneng oegi saged kadadosaken warga moeljo kabekta saking oesoelipoen
Pangreh Habi Darma Warga lan Panti Mari Oneng saroeboek kalujan 4/5 sa-
king warga ingkang gadah wadjib toemoet ngrembag, ingkang sami dateng ing
parepatan ageng.

Bab 7 WEWANGENANING OERMOER

Sinten ingkang dereng oemoer 20 taoen poenika mboten kenging dados
warganing Panti Mari Oneng.

Bab 8 LAMPAH-LAMPAHING DADOS WARGA

Dadosing warga poenika mawi katimbang dening Pangreh Panti Mari Oneng
sarana wawasan.

Sinten ingkang kepengin dados warga Panti Mari Oneng poenika ladjeng
soeka serat dateng Pangreh Panti Mari Oneng ingkang dipoen tandani-tangan
(doemoek) pijambak toewin lantaran warga kalih. Dene serat wahoe kedah
ngemot ingkang kaseboet ngandap poenika:

1. nomo, padamelan, pangkat, oemoer, sarta papan padoengganipoen ingkang